



RANPLI ETAP SA YO

1 Gen yon lisans chofè Florida ki valab (Klas E) oswa yon CDL ki valab ki soti nan yon lòt eta.

- Yon CDL ki valab ki soti nan yon lòt eta sèlman anile egzijans tès yo. Gade dèyè dokiman sa a pou lòt egzijans.

2 Prepare pou tès konesans CDL yo.

- Etidye [Manyèl Chofè CDL](#) la.

3 Fè yon randevou pou yon tès konesans CDL.

[Fè yon randevou.](#)

- Ou dwe pase tès konesans ki obligatwa a anvan ou kontinye ak etap ki vin apre yo.

4 Jwenn Sètifikasyon Kat Medikal DOT la (*si sa nesesè*).

- Pwofesyonèl swen sante ou dwe voye yon Sètifika Egzaminatè Medikal ki valab elektwonikman.
- Bay 48 èdtan pou mizajou a fèt.

5 Aplike epi jwenn yon Pèmi Apranti Komèsyal (CLP).

- Ou dwe pase yon egzamen vizyon debaz.
- Gade dèyè dokiman sa a pou lòt egzijans.

6 Fini Fòmasyon Chofè Nivo Debitan (ELDT) anvan ou pran tès pratik sou wout CDL la.

- [Enfòmasyon sou ELDT.](#)

7 Prepare pou tès sou wout la.

- Etidye [Manyèl Chofè CDL](#) la.
- Pratike anba sipèvizyon yon chofè ki gen menm klas lisans ak machin y ap kondwi a.
- Moun ki vle kondwi otobis lekòl dwe jwenn andòsman "P" (pasaje) ak andòsman "S" (lekòl).

8 Pran yon randevou pou tès sou wout CDL la (tès ladrès).

- Jwenn yon [Lekòl Kondwi Komèsyal](#).
- Ou dwe tann 14 jou apre ou resevwa CLP a anvan ou pran tès ladrès sou wout la.

9 FELISITASYON paske ou pase CDL ou!

- [Fè yon randevou](#) nan biwo nou an pou nou bay CDL final ou.
- Gade dèyè dokiman sa a pou lòt egzijans.

KONSÈY POU YON EMISYON CDL/CLP KI REVISI

Bay de prèv adrès ki akseptab

Satisfè egzijans rezidans lan

Kat Medikal la voye avèk siksè anvan ou aplike pou CLP oswa CDL

Gade Egzijans Dokiman yo dèyè

Vizite [LeeTC.com](#) pou plis enfòmasyon sou egzijans yo

Pèmi Kondwi Komèsyal ak Pèmi Apranti Komèsyal



Egzijans Dokiman • Sitwayen Etazini ak Rezidan Pèmanan

Ou dwe pote fòm espesifik pou idantifikasyon, Sekirite Sosyal ak prèv adrès rezidansyèl.

Lalwa federal egzije tout moun k ap aplike pou lisans/pèmi komèsyal yo deklare estati sètifikasyon medikal yo epi bay yon sètifika egzaminatè medikal ki valab (sof si yo egzante espesyalman). Yo soumèt sa elektwonikman.

POTE YOUN

Pa gen fotokopi

Idantifikasyon Prensipal ak Prèv Prezans Legal

- ☐ Orijinal oswa kopi sètifye batistè ki soti nan yon Eta oswa Teritwa Etazini
- ☐ Paspò Etazini oswa kat paspò (li ka eksipè)
- ☐ Sètifika Natiralizasyon oswa Sitwayènte
- ☐ Rapò Konsila Etazini sou Nesans Aletranje (fòm FS 240)
- ☐ Kat Rezidan Pèmanan

Si non an diferan ak idantifikasyon prensipal la, tanpri prezante youn nan sa yo:

- ☐ Sètifika maryaj
- ☐ Lòd tribinal
- ☐ Dekrè divòs (li dwe akonpaye ak prèv ansyen non an si li pa ekri nan dekrè a)

Konsiderasyon enpòtan:

- ☐ Lè w ap chanje pou yon nouvo non, ou dwe jwenn yon kat Sekirite Sosyal ki ajou epi tann omwen yon jou ouvab anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat idantite.
- ☐ Si se premye fwa w ap aplike epi ou te gen chanjman non (maryaj/divòs), ou dwe prezante dokiman ki montre tout chèn non yo depi nesans.

POTE YOUN

Nimewo Sekirite Sosyal li dwe gen tout nimewo Sekirite Sosyal la

- ☐ Kat Sekirite Sosyal orijinal
- ☐ Fòm W-2 oswa 1099
- ☐ Souch chèk peman ki gen tout Nimewo Sekirite Sosyal la

POTE YOUN

Prèv Rezidans Florida

- ☐ Yon lisans chofè Florida oswa kat idantifikasyon Florida ki valab, ou genyen pandan plis pase sis (6) mwa youn apre lòt
- ☐ Yon kontra lwaye, yon ipotèk rezidansyèl aktyèl, oswa yon papye pwopriyete rezidansyèl aktyèl, sou non kliyan an, ki te siyen plis pase sis (6) mwa de sa
- ☐ Yon Kat Enskripsyon Elektè Florida (sitwayen Etazini)
- ☐ Yon deklarasyon domisil. (Yo depoze Deklarasyon Domisil yo nan Depatman Dosye Ofisyèl Clerk of Courts Lee County a.)
- ☐ Yon egzanpsyon taks homestead sou yon pwopriyete nan Florida. (Ou ka jwenn prèv egzanpsyon homestead la lè w chèche dosye pwopriyete a sou leepa.org epi klike "Exemption Renewal Letter".)

POTE DE

Prèv Adrès Rezidansyèl Florida

LIS A

Soumèt youn oswa de dokiman sou non aplikan an:

- ☐ Yon kontra lwaye oswa lokasyon resan pou rezidans lan, pou yon peryòd 6 mwa oswa plis, sou non chofè a
- ☐ Kat enskripsyon elektè Florida ki aktyèl
- ☐ Anrejistremen oswa tit machin/bato Florida ki poko eksipè
- ☐ Polis oswa bòdwo asirans pwopriyete oswa lokatè ki aktyèl
- ☐ Bòdwo sèvis piblik aktyèl (dlo, gaz, elektrisite, kab) ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Bòdwo telefòn selilè oswa liy fiks resan, ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Bòdwo founisè sèvis entènèt resan, ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Dènye bòdwo taks sou pwopriyete
- ☐ Papye ipotèk pou yon pwopriyete nan Florida

LIS B

Soumèt youn dokiman sou non aplikan an:

- ☐ Dènye fòm W-2 oswa 1099
- ☐ Dènye relve labank, ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Dènye relve kat kredi, ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Dènye lòd oswa dokiman militè
- ☐ Dènye souch chèk peman, ki gen dat nan dènye 60 jou yo
- ☐ Dènye dokiman ofisyèl gouvènman, ki gen dat nan dènye 60 jou yo

Moun k ap aplike pou CLP/CDL dwe prezante de prèv adrès diferan sou pwòp non yo: swa de dokiman nan Lis A OSWA yon dokiman nan Lis A ak yon dokiman nan Lis B.

Moun ki deja gen CLP/CDL epi k ap mande renouvèlman oswa ranplasman lisans, oswa moun ki vle monte klas la (pa egzanp: Klas B pou Klas A), dwe respektè menm egzijans dokiman ak adrès yo.

Si aplikan an pa kapab bay okenn dokiman akseptab nan Lis A, li dwe bay yon Deklarasyon Domisil ki depoze nan Clerk of Court la AK yon dokiman nan Lis B. Yo pa aksepte Fòm Sètifikasyon Adrès.